



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 20/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE FWAR NEW YORK'S COUNTY FAIRS LA POU YO APLIKE POU 5 MILYON DOLA PWOGRAM SIBVANSYON POU AMENAJMAN ENFRASTRIKTI A**

***Premye fwa yon fwar County Fairs pral resevwa fon pou amenajman enfrastrikti enpòtan yo depi plis pase yon deseni***

***Nou ankouraje fwar County Fairs la yo pou yo soumèt pwojè tou pare deja pou mete men apati sezon otòn sa a***

Avèk sezon County Fair la ki deja sou pye, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo ap ankouraje fwar New York's County Fairs yo pou yo aplike pou 5 milyon dola pou pwogram amelyorasyon enfrastrikti fwar yo ak agrikilti sezon otòn sa a. Yon te atribiye finansman sa pou pwogram sa a nan bidjè Eta New York pou ane 2016-17 la, epi sa pral ede konpanse pou depans ki pral fèt nan pwojè renovasyon ak amenajman yo, ki gen ladan tou nouvo konstriksyon ki ap fèt nan fwar county fairs ki elijib yo. Se premye fwa depi plis pase yon deseni ke bidjè Eta New York la gen ladan finansman pou plis pase kat douzèn county fairs eta genyen yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “County Fairs nou yo fè pati kilti ak istwa vibran New York epi yo jwe yon wòl enpòtan nan aktivite ekonomik nan kominote atravè eta yo.” “Lè nou fasilite renovasyon ak amenajman kle nan county fairs atravè eta yo, finansman sa a pral ede nou asire vizitè yo toujou retounen ankò chak ane. Mwen ankouraje fwar yo pou yo prezante meyè pwojè yo epi aplike an otòn sa a.”

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la, ki ap jere pwogram sibvansyon an, pral pibliye detay sou kondisyon elijibilite yo ansanm ak aplikasyon an otòn sa a, pou pèmèt county fairs yo gen tan pou yo prepare pwopozisyon pwojè ki tou pare deja pou mete men, epi ke yo ka kòmanse mete sou pye apati ane pwochèn. Finansman sibvansyon an yo p ap depase plis pase 200.000 dola epi yo pral aloke lajan sou baz moun ki aplike anvan yo ap resevwa anvan. Nou ankouraje tout county fairs ki vle aplike pou finansman pou yo anrejistre alavans nan Grants Gateway [isit](#) la. Si nenpòt county fairs bezwen asistans pou yo itilize Grants Gateway, yo kapab rele Depatman nan 518-457-2195.

**Delege Depatman Agrikilti ak Mache, Richard Ball te di:** “Chak ete, demilyon Nouyòkè vizite fwar lokal yo pou pran plezi ki favorab pou tout fanmi an epi aprann an premye lye sou endistri agrikilti nou an k ap agrandi, konsa li enpòtan anpil pou nou sipòte siksè fwar nou an yo. Nouvo pwogram sibvansyon sa pral pèmèt county fairs atravè Eta yo rezoud kèk nan bezwen enfrastrikti ki pi enpòtan yo epi konble eka

finansyè ki genyen ant pwojè konstriksyon yo. Mwen remèsye Gouvènè ak Lejislati a pou patenarya yo sou sa a epi mwen ap tann avèk enpasyans pou m wè kèk aplikasyon pwojè ki ekselan nan otòn sa k ap vini an.”

**Prezidan Komite Agrikilti Sena, Patty Ritchie te di:** “Atravè Eta New York la, epi espesyalman nan rejyon riral mwen reprezante yo, county fairs se kote ki non sèlman ofri amizman ki bon pou tout fanmi an, men tou se yon bon opòtinite pou moun aprann sou bèt ki gen nan zòn yo, pwodui alimantè nou kiltive nan zòn nan yo, ak tout sa ki gen rapò ak agrikilti. Mwen te fyè pou m te defann finansman pwogram sa pou l te antre nan bidjè eta a, epi mwen ap tann ak enpasyans pou m wè kijan li pral ede county fairs atravè eta yo vanse vè lavan lè yo fin fè amelyorasyon enfrastrikti enpòtan sa yo.”

**Prezidan Komite Asanble Agrikilti a, Bill Magee te di:** “County fairs Eta New York yo se yon ekspozisyon agrikilti lokal; yo founi amizman ak lwazi pou fanmi ak opòtinite devlopman pozitif pou jèn yo atravè patisipasyon yo ak konpetisyon yo, pandan y ap ranfòse ekonomi lokal la anmenmtan. Finansman sa byen merite epi li byen nesèsè, li pral pèmèt nou byen mentni epi amelyore enfrastrikti enpòtan fwar lokal nou yo.”

**Senatè Kathy Machione te di:** “County fairs yo se tradisyon sezon ete tout moun renmen anpil atravè eta nou an. Pou lapremyè fwa depi plis pase yon deseni, Bidjè Eta nou an ap mete disponib finansman county fairs yo ka aksede pou ede yo konpanse pou depans amenajman, renovasyon ak konstriksyon yo. Mwen te defann finansman sa pou asire ke county fairs yo ka kontinye kontribiye nan ekonomi nou an, pou yo ka kontinye sipòte, ranfòse epi ekspoze sektè agrikilti ki gen renomen mondyal nou an, epi kontinye founi amizman ak lwazi pandan sezon ete a. Mwen kontan anpil Gouvènè Cuomo ak Delege Depatman Agrikilti a, Ball rekonèt enpòtans county fairs yo epi asire yo ka gen aksè a fon 5 milyon dola pou nouvo pwogram amenajman enfrastrikti Fwar Agrikòl yo.”

**Manm Asanble Carrie Woerner te di:** “County fairs nou yo se tradisyon agrikòl ki konekte fanmi pandan anpil jenerasyon epi ekspoze tout sa kominote agrikòl nou an genyen pou l ofri. Mwen te fyè pou m te asire ke isit la nan konte Saratoga ak Washington, epi tout rès Eta New York la, fanmi lokal tankou touris yo pral gen opòtinite pou jwi fwar yo pandan anpil ane k ap vini yo.”

**Prezidan Asosyasyon Fwar Agrikòl Eta New York yo, Andy Imperati te di:** “Nou ta renmen remèsye Senatè Ritchie, Manm Asanble Magee, Lejislati a ak Gouvènè a pou sipò yo bay pwogram finansman sa a. Anpil nan espas fwar atravè eta yo bezwen amelyorasyon nan sistèm dlo, elektrik ak egou, twalèt, patiraj bèt yo, ak lòt bilding ki sou lèlye yo. Finansman sa pral kontribiye anpil pou ede rann amenajman sa yo posib. An retou, sa pral fè eksperyans moun ki vin nan fwar la yo pi an sekirite epi pi agreab.”

Manm Konsèy Administrasyon ak anplwaye County Fair Washington lan yo te jwe yon wòl enpòtan nan efò pou nou te ka jwenn finansman pou tout county fairs atravè tout Eta.

**Direktè Jeneral County Fair Washington, Mark St. Jacques te di:** “Tout fwar New York yo, piti tankou gwo, ap jwenn fason nouvel ak inovatè pou yo bay fòmasyon pou non sèlman moun ki travay nan sektè agrikilti a, men tou tout popilasyon an jeneral sou

evolasyon k ap fèt nan endistri a yo. Fwar la yo gen yon enpak ekonomik ki mennen moun ki soti lòt kote epi sa ap sipòte ekonomi biznis lokal la yo.”

**Prezidan County Fair Washington la, Harry Booth te di:** “Mwen trè satisfè pou m konnen county fairs yo resevwa anpil sipò nan men lejislati ak Gouvènè a. Sipò ak gid nou resevwa nan men senatè Pattie Ritchie, Manm Asanble Bill Magee, ak Senatè Cathy Young inestimab. Mwen vle remèsye Delege Ball, ak anplwaye li yo pou sipò yo, ansanm ak New York Farm Bureau pou èd ak sipò yo. County fairs yo gen yon tradisyon ki long epi ki trè apresyab ki ofri moun zòn yo opòtinite pou yo ekspoze epi afiche pwodui lokal yo. Lajan sa pral ede fwar nou yo jwenn moyen pou yo kontinye bèl tradisyon sa a. Lajan sa pral ede konstwi epi mentni espas ki san danje epi ki atiran pou moun ki vle ale nan fwar la yo pou yo aprann kèk bagay sou agrikilti nan yon manyè ki enterasan e amizan. Kelkeswa gwosè ak grandè a, fyète moun genyen de fwar lokal yo inivèsèl atravè tout endistri. Mwen trè kontan epi mwen fyè ke m te patisipe pou ede jwenn finansman pou pwogram sa a.”

**Dean Norton, Prezidan New York Farm Bureau a te di:** “County fairs atravè tout eta souvan se premye kontak popilasyon an genyen ak kominote agrikòl divès ki vrèman enpòtan pou Eta New York la. Fon 5 milyon dola pou pwogram amenajman enfrastrikti Fwar Agrikòl la se yon zoutiy ki gen anpil valè pou fwar la yo itilize pou fè amenajman bazik epi amelyore eksperyans moun ki ale nan fwar la yo.”

Plis pase 50 county ak youth fairs pral fonksyone soti jiyè rive nan kòmansman oktòb, pou fèmèn sezon an nan fwar Long Island Fair lan, soti 24 septanm pou rive 2 oktòb. County Fairs atravè Eta New York la yo bay moun ki vin nan fwar la yo plezi ki favorab pou tout fanmi an, bonjan mizik ak manje, men tou yon opòtinite inik pou aprann kèk bagay sou agrikilti lokal la, ikonpri kote pwodui alimantè yo soti, kijan yo plante, rekòlte epi vann yo bay popilasyon an.

Ou Ka jwenn yon lis ki gen tout county fairs nan Eta New York yo disponib sou sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la [isit](#), oswa sou sitwèb Eta [open data website](#).

An plis de sa a, se Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la ki jere youn nan pi gwo fwar leta ki pi ansyen nan peyi a, The Great New York State Fair, ki fèt nan Syracuse. Fwar ane sa pral kòmanse 25 out pou rive 5 septanm 2016.

Misyon Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la se pou l ankouraje yon endistri alimantè ak agrikilti konpetitif ki benefisye pwodiktè yo menm jan ak konsomatè yo. Atravè plizyè pwogram chak divizyon l yo, Depatman an ap travay pou l pwomouvwa endistri agrikilti a ak pwodui ki gen kalib mondyal li yo, ankouraje bon jesyon anviwonman agrikòl epi prezève pwovizyon alimantè Eta pou asire kwasans endistri a.

Depatman jere [Great New York State Fair](#), epi administre inisyativ [Taste NY](#) la, [FreshConnect](#) ak nouvo pwogram New York State Grown and Certified programs yo. Swiv Depatman sou paj [Facebook](#) nou an ak sou [Twitter](#).

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418